



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ "PATAJE ISTWA W" NAN KAD SANTÈNÈ  
PAK ETA NEW YORK YO**

*Yo envite Nouyòkè yo pou make 100 ane pak eta yo lè yo pataje souvni pandan  
tout ane santènè sa a*

*Kanpay la fè pati selebrasyon 2024 ki gen plizyè aspè a nan Pak ak Sit Istorik Eta  
New York yo*

*Gade [videyo](#) 'Pataje Istwa w' la nan kad Santènè a pou aprann kijan li fonksyone*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwojè dijital "Pataje Istwa w" (Share Your Story) epi envite piblik la pataje istwa, foto, ak videyo ki raple eksperyans yo nan Pak Eta ak Sit Istorik New York yo. Kanpay miltimedya a pral dewoule pandan tout ane 2024 la nan selebrasyon Santènè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) la.

"Pandan 100 ane, Nouyòkè yo te vizite Pak Eta yo ak Sit Istorik yo pou kreye souvni, pou aprann ak eksplore, epi pou yo pran plezi." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a se yon chans pou nou reyini ansanm pou reflechi sou souvni sa yo, koute istwa youn lòt, epi selebre youn nan eritaj anviwònmantral ak kiltirèl ki pi enpòtan nan Eta New York ak wòl li jwe nan lavi nou. Pa timid, Pataje Istwa w."

Pak Eta New York yo te devlope plizyè metòd pou moun pataje istwa yo, tout sa yo eksplike an detay sou paj wèb [Pataje Istwa w](#) la. Yo ka voye tèks, foto, ak videyo yo pa imèl bay [stories@parks.ny.gov](mailto:stories@parks.ny.gov). Moun ka poste sou Facebook, Instagram oswa X lè yo sèvi avèk hashtag #NYStateParksStory. Moun yo ka soumèt istwa ki gen tèks sèlman ki gen jiska 500 mo tou lè yo sèvi avèk fòmilè soumiyon nan [parks.ny.gov/100/story](https://parks.ny.gov/100/story).

Pandan 2024, piblik la ap gen opòtinite tou pou tande istwa youn lòt. Yo pral pataje istwa sou chanèl Instagram, Facebook ak X nan Pak Eta New York la nan @NYStateParks. Yo pral poste stwa yo pral afiche tou sou Blòg Pak Eta New York la nan [nystateparks.blog](https://nystateparks.blog); sou sitwèb Pak Eta New York la nan [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov); ak nan bilten imel.

"Kòm Komisè, mwen toujou renmen tandè pèsonèl nou yo ak piblik la sou souvni yo te fè nan pak ak sit la", **komisè Pak yo Erik Kulleseid te deklare.** "Depi nou te kòmanse planifye selebrasyon Santènè nou an, nou te santi li enpòtan pou bay moun yon opòtinite pou pataje souvni yo. Mwen fyè pou m wè lansman pwojè Pataje Istwa w la. Mwen envite tout moun pou yo reflechi, konekte ak zanmi w ak fanmi w, soti ansyen albòm foto yo, konekte ansyen disk di ekstèn yo, epi pataje istwa w ak Nouyòkè parèy nou yo."

Pou pwovoke souvi yo, yo pral afiche "Story Sparks" regilyèman sou chanèl medya sosyal Pak Eta yo (@nystateparks), epi yo pral voye l nan bilten imèl santènè a. Anplwaye Pak and Sit yo ap pataje pwòp souvni pa yo nan yon seri videyo ki pral lanse nan semèn k ap vini yo. Plizyè Nouyòkè enpòtan pral pataje souvni yo tou nan yon seri videyo ki pral lanse nan fen ane sa a. Patisipe nan Pataje Istwa w yo se yon misyon nan Defi Santènè a ki te anonse nan mwa desanm lan.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvizè plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 79.5 milyon vizitè an 2022. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov), telechaje [aplikasyon NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Rejwenn nou pou selebre santènè nou pandan tout ane 2024 la epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#), [Twitter](#), ak [Blòg OPRHP](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)